



IJWI RY'UBUHANUZI  
Ishure Rya Bibiliya  
Mw iposta

B.P. 1710 Bujumbura

Burundi

ICIGISHO CA 31

UYU N'UMUBIRI WANJE

Tumaze kwiga ivy'umubatizo wa gikristo, dukwiye kunywe-ngetera cane, tukaraba ivy'uwundi muhango wa gikristo wa-shizweho ari wo w'ikaristiya." Canke ingaburo yera. Umuba-tizo hamwe n'ingaburo yera n'amasakramentu abiri gusa Yesu yasigaranye ishengero ryiwe. Yayashiriyeho kubera abizera inzira y'ubuntu bw'Imana mu kuyakoresha ni ngombwa kuja - nibuka urupfu no kuzuka no kugaruka mu bwiza kwa Yesu K-risto.

Ku vyerekeye ingaburo yera, dutegerezwa kubanza kwibuka umuhango uyibanziriza ukayitegura, ari wo kwozanya ibiren-ge.

1. Igikorwa gikuru c'urukundo.

Atarasiga abigishwa biwe 12, Kristo yar'abazi neza, ya-shatse kubanza kubiteguza ibintu bikomeye vyari birariye - kuba, ngw atume bimenya uko bari, n'ukuntu yobahera icigi-sho mur'ico kintu c'urukundo rw'ikirenga co kubafasha no kwicisha bugufi; ntibaze bakibagire.

Eh'ingene intumwa Yohana ibitubwira nyuma y'ivyo hashi-ze imyaka 60: Umusi wa Paska utarashika, Yesu amenye kw'i-gihe ciwe gishitse co kuva mw ishi ngw aje kwa Se, uko ya-kunja abiwe bari mw ishi, ni ko yabakunze gushitsa ku muhe-ro. Bariko bararya ku mugoroba, wa murwanizi amaze kwinjira ubuguranyi mu mutima wa Yuda Isikaryota, umwe mwene Si-moni, Yesu yar'azi ko Se yamuhaye vyose yabishize mu mabo-ko yiwe, kandi ko yavuye ku Mana, ava hasi mw'iriro, akura-

akura umutamana, yabira icambazo, arakenyera; araheza asuka amazi mu mubehe, atangura kwoza ibirenge vy' abigishwa no kubihanaguza icambazo akenyeje.

"Nukw' ahejeje kuboza ibirenge, yabira umutamana wiwe - yongerera kwicara; arababaza, ati: Mbega muramenye ico mbagiriye? Munyita Mwigisha na Shobuja, kandi mubivuga ko, - kukw'ari ko ndi. Nuko rero jewe mbogeye ibirenge, ndi - Shobuja n'Umwigisha, namwe mukwiye kwozanya ibirenge kuko mbahaye urugero, kugira ngo nkuko jewe mbagiriye, abe ari ko namwe mugira. N'ukuri n'ukuri ndababwire: Umushumba - ntaruta Shebuja kandi n'intumwa ntiruta uwayitumye. Ni - mwamenya ivyo, muzoba muhuriwe ni mwabikora. (Yohana 13: 1-17)

## 2. Icigwa c'akamaro n'akarorero.

Kwozany'ibirenge n'icirwa c'akamaro n'akarorero. "N'icigwa c'akamaro mu buryo co kwerekana kw'abigishwa ba Kristo boba baracitse ku bintu vyo kwirema mw'ibice, kwigomwa, no kwishira hejuru no kwishakira icubahiro, ico gikorwa kigashakira umuntu wese nk'ah'ar'umuja wa mugenzi we. Iki cigwa kibereye abakristo b'ibihe vyose.

Na none n'akarorero ko kwemera no gutunganya ingeso. - Nk'uko umubatizo ar'ikimenyetso co gutsindishirizwa, ariko kuvuga k'umuntu apfa kuri kamere ya kera, akagirirwa, imbabazi z'ivyaha yakoze, agahinduka rwose; n'umuhango wo kwozany'ibirenge n'igishushanyo co kwezwa, ari co gikorwa gikwiye ku musu ku musu.

## 3. Pasika y'Abayuda.

Abayuda bari bafise akamenyero ko kwama bagira Paska ku mwaka. Paska yashizweho na Mose mu bugaragwa, yibutsa igihe Abaisirayeli bava mw'Egiputa mu nzu y'ubuja war' umunsi mukuru ushushanya ikindi kintu. Wama wibutsa gucungurwa gukomeye Yesu azogirira ishengeru ryiwe arivanye - mu buja bw'ivyaha.

Kristo n'Umwagazi w'intama utagira agasembwa; nta gufa ryiwe na rimwe ryategerezwa kuvunika (Yohana 19:36; Kuvayo 12:46).

Ah'umwisirayeli wese yasiga amaraso ku gishimaryango, - c'inzu yiwe, kwar'ukwemera kw'azarindwa; ni kimwe no mu gihe yemera ikimazi c'ivyaha Kristo yitangiye i Kalvari; akemera ko Kristo wenyene ari we wo kumutsindanishiriza ,

no kumukiza iteka ryo gupfa.

Uyu muhango wakomeje gukorwa imyaka amajana menshi. No mu gihe ca Yesu baziririza Paska bikomeye, ico gihe abantu benshi baduga baja i Yerusalemu, Kristo akajana na bo akiri mw isi yawubahirije ibihe bine. (Yohana 2:13; 5:1; 6:4; 13:1). Incuro iheruka ni ku wa gatanu w'Isabato ku mugoroba, mu gishingo c'Uwa gatandatu w'Isabato ari wo (Vendredi) ku mugoroba, kuko ku wa gatandatu ariho yapfuye nk'umwagazi w'intama wagereranywa na Pasika yari kuza ma iba umwaka ku mwaka.

#### 4. Umuhango mushasha.

Kristo ntiyashimye gufatanya imihimbarize ya Pasika nk'uko bahora babigenza, yar'atumbereye kuyihinduzza ibintu bimwe bimwe vyo mu rupfu rwiwe. Mu vy'ukuri yayisimbujje Pasika yindi, havanwaho iya kera hashirwaho iyo mw'isezerano Risha.

Iyo Pasika ntaco yar'ikimaze. Ibigerere vyose n'imihango yose yerekana urupfu rwa Kristo vyari bigiye kuvanwaho. Umukiza yakoresheje ibintu bibiri vyar'imbere yiwe; umutsima utambiwe na divayi idahiye mu guhanga uwundi muhango wo gusimbura Pasika y'Abayuda, war'ukeneye kwama wibutsa abizera urupfu rwa Kristo ukw'ibihe bikuranwa; ukazoba n'ikimenyetso kitagira amakemwa co gucungurwa n'ukwizera kubw'ikimazi c'i Kalvari, kandi kw ari ngombwa k'uwizera yoza yirira ku mutsima w'ubugingo w'ibihe vyose ari wo jambo ry'ubugingo.

Aho Umutumwa Yohana avuga ivyo kwozanya ibirenge abandi batumwa basesanguye ihangwa ry'ingaburo yera (Matayo 26:26-29; Mariko 14:22-25; Luka 22:15-20); reka turabe uko Luka abivuga:

Yesu arabwira ati, "kwifuza nifuje cane gusangira namwe ivy'iyi Pasika, ntarababazwa. Ndababwira yuko uhereye none ntazokwongera kunywa ku nzabibu, kugeza ah'ubwami bw'Imana buzozira." Yabira umutsima awushimira Imana arawumanyagura, arawubaha, arababwira ati: Uyu n'umubiri wanjye ubatangiye: murakora murtya kugira ngo kube icibutso canje. N'igikombe akigenza artyo bahejeje kurya, arababwira, at'iki gikombe n'isezerano risha ryo mu maraso yanje, abaviriye."

#### 5. Inyigisho z'Umutumwa Paulo.

Intumwa Paulo yigishije abakristo b'i Korinto uburyo uwo gusangira ingaburo yera. (1 Korinto 11:23-29).

Ababwir'artya ati: "Kukw'ico nahawe n'Umwami wacu ari co nabashikirije namwe, yuk'Umwami wacu mw ijoro yaguzwemo yabiriye umutsima, akawushimira Imana, akawumanyagura, akavug'at'uyu n'umubiri wanje ubatangiwe, murahora, mugira murtya ngo kube icibutso canje. N'igikombe akigenza artyo, bahejeje kurya, arababwira, at'iki gikombe n'isezerano risha ryo mu maraso yanje; murahora mugira murtya uko muzonywako, kugira ngo kube icibutso canje. uko murya uwo mutsima kandi uko munywera kur'ico gikombe, muba mumenyekanisha urupfu rw'Umwami wacu, kugeza ah'azozira. Ni co gituma umuntu wese azorya umutsima w'Umwami wacu, cank'akazonywera ku gikombe ciwe, uko bidakwiye, azotsindwa n'urubanza rw'uko yakengereye umubiri n'amaraso vy'Umwami. Arik'umuntu yibaze ukw'ameze, abone kurya kur' uwo mutsima, no kunywera kur'ico gikombe. Kuk'urya cank' unywa atamenye umubiri w'Umwami wacu, arya kand'anywa ibimuzanira gutsindwa n'urubanza."

#### 6. Uyu n'umubiri wanje.

Amajambo ya Yesu "uyu (umutsima) n'umubiri wanje... iyi (divayi) n'amaraso yanje" bayajamw'impaka.

Abizera k'umutsima uhinduka umubiri wa Yesu na divayi (Transsubstantiation) bemera uko yabivuz'artyo kw'ariko - biba, ngw'igihe Padri avuga, mu kilatini ngo "HOC EST - CORPS MEUM" ng'umutsima na divayi bica bihinduka ubwo nyene umubiri n'amaraso ya Kristo.

Abandi bizera ivya (Consubstantiation) bazi kw' igihe Pastori ashimir'umutsima na divayi; umubiri n'amaraso vya Kristo bica vyiyongera kuri wa mutsima na divayi; noneho, vyompi bikaba bifatanijwe hamwe ikintu cose kikaba gifanaye n'ikindi ari bibiri.

#### 7. Ibitari vyo.

Arikw'izo nyigisho zibiri zari zikwiye guh'umwanya I-vyanditswe Vyera bikerekan'ivy'ukuri.

Kristo yisobanuye mururimi rw'uru ny'araméen, ntiyigeze akoresha ijambo rifatanya ukw'ikintu kiri (attribut) - kw'ijambo rikuru (sujet). Ntiyavuze ati "uyu n'umubiri wanje rwose..." Bibaye ari vyo, twokwiyumvira ko Yesu yagiye avuga ati "Ni jewe rembo... Ni jewe nzira... Nd'umu-

zabibu... (Yohana 10:9; 14:6; 15:1). Kand'intumwa Paulo yavuze ivyo Kristo imwita urutare (1 Korinto 10:4), ahandi Imana yitwa Urutare, Inkinzo, izuba n'ayandi mazina.

Nta muntu yigeze yiyumvira kw'ivyo ar'ivy'ukuri kiretse, gukekeranya gusa. Ahandi Kristo yavuze yiyemeza kw'ar'umutsima w'ubugingo, kandi kw'ari ngombwa kunywa kumaraso no - kurya ku mubiri w'Umwana w'Umuntu ndetse kw'amajambo yiwe - ar'impwemu y'ubugingo. (Yohana 6:63).

Ivy'ukuri bisigaye bitubwira ndetse kw'ingaburo yera ar'urwibutso rwa Kristo bisobanura neza k'umubiri wiwe utaba - arih'uri mu gihe c'ingaburo, kuk'uwo mubiri udashobora kuba uri mw ijuru kwa Data wa twese ngo wongere ube ur'ahantu - besnhi bakoraniye basangira ingaburo yera mw isi mu gihe, kimwe. Vyari gushoboka ko Yesu aha abigishwa biwe umubiri, wiwe ngo bawurye akazongera gusangira nabo iyo ngaburo yera?

Ikimazi ca Kristo cabaye kimwe. Singombwa ko cama gitangwa. Cabaye ikimazi rimwe, kand'iyo ncuro cemewe na Data wa twese. Icete Paulo yandikiye Abaheburayo gisobanura neza uko biri n'uko kuri (Abaheburayo 7:27; 9:11,12,26,28; 10:12-14).

#### 8. Ingaburo n'urwibutso.

Inyigisho ya Bibiliya ishaka kw'ingaburo yera ibera abizera urwibutso rw'ikimazi gihebuje Yesu yatangiye abantu.

Umutsima umanyaguwe, ugereranya umubiri wa Yesu, wajajaguwe ku bwacu. Divayi nayo n'ikigereranyo c'amaraso yiwe yaviriye abanyavyaha, n'ikimenyetso c'isezerano risha.

Ikimazi ca Yesu Kristo cari gitunganye ari ciza, ntiyagira amakemwa, yar'afise imibereho yera. Yar'Umwana w'intama "utagir'agasembwa" Ni co catumye umutsima ugereranywa na Yesu utarinwo umwambiro na divayi igereranya amaraso yiwe na yo ntiyar'ihye.

Kandi rero ingaburo yera ntitwibutsa urupfu rwa Yesu gusa, ahubwo natwe itwibutsa ko tukwiye gupfa ku caha ku musi wo guhinduka kwacu.

#### 9. Yesu Ubuzima bwacu.

Iy'umutsima na divayi bibaye ikimenyetso vy'amaraso n'umubiri vya Kristo, iyo turya uwo mutsima tukanywa na divayi, tuba twerekanye umushikirano n'Umukiza wacu no kwemera kwiwe.

Umutsima n'ikigereranyo c'ivyo kurya bitunga abizera: rero kurya n'ukwigaburira ivya Mpwemu. Divayi nayo ikigereranyo c'amaraso ni yo bugingo (Abalewi 17:11); kunywa n'ukwishira muruhererekane rw'ibinyobwa bibeshaho. Niko n'umutsima na divayi bigereranya ubugingo bushitse Kristo aha abantu biwe. Nta kindi umukristo yokora atar' ukuvugana na Paulo ati: "Nabambanywe na Kristo ariko ndiho; - yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe." (Abagaratiya 2:20).

Tubona ko ubwa mbere n'ukubanza gupfa, hanyuma hakabaho ubuzima nyakuri. Gurtyo rero tukaba dusobanukiwe n'umugozi ufatanije umubatizo n'ingaburo yera.

#### 10. Ivyizigiro bikomeye.

Mu musozo, ingaburo yera imenyeshya kandi yiteguza iki-ntu gikomeye c'ivyizigiro vy'umukristo: kugaruka kwa Yesu.

Yesu abwira abigishwa biwe ati: "Sinzongera kunywa kur'izi nzabibu gushitsa kuri wa musu nzosangirira namwe umutobe wazo musha mu bwami bwa Data. (Matayo 26:29).

Kandi yongera kw'aya majambo yavuzwe n'Umutumwa Paulo mu (1 Korinto 11:26).

"Uko murya uwo mutsima kand'uko munywera kur'ico gikombe, muba mumenyekanisha urupfu rw'Umwami wacu, kugez'aho azozira."

Nuko rero ingaburo yera itwibutsa urupfu yapfuye, ikagereranya ubuzima bwiwe bugaburira ubuzima bwa Mpwemu bw'uwizeye, no kugaruka kwiwe mu cubahiro. Ikigeretse kuri ico kimenyetso n'uko mu ngaburo yera harimwo ubuntu buhuzwa uruhawe n'ivy'urupfu rw'Umukiza no kuzuka kwiwe n'imbereho yiwe n'ivyizigiro vyo kugaruka afise ubwiza bwishyamba.

XXXXXXXXXXXXXXXXXXXX

# IBIBAZO VY-ICIGWA CA 31

## 1. Ifunguro ryera n'urwibutso

- A. Rw-igikorwa c'urukundo
- B. Rw'ikimazi YESU yatangiye abantu
- C. Rw'ivuka rya YESU

|  |
|--|
|  |
|  |
|  |

## 2. Kuber'iki umukate na divayi bitajamwo umwabiro ?

- A. Kubera umwambiro uzimvye
- B. Kubera umwambiro ugereranya icaha
- C. Kubera umwambiro utaja murusengero

|  |
|--|
|  |
|  |
|  |

## 3. Umukate na divayi bigereranya iki ?

- A. Umutima n'umubiri vya kristo
- B. Ifunguro yo mw'ijuru
- C. Umubiri n'amaraso ya kristo

|  |
|--|
|  |
|  |
|  |

## 4. Imbere y'ifunguro ryera habanza iki?

- A. Gusenga
- B. Kuramukanya
- C. Kwozanya ibirenge

|  |
|--|
|  |
|  |
|  |

**IJWI RY'UBUHANUZI**  
**ISHURI RYA BIBILIYA MW IPOSTA**  
**B.P. 1210, Bujumbura**  
**Burundi.**



**Izina**.....

**Ah'uba** .....

.....